

# Konsèy pou Idantifye ak Ògànize Bagay ki "Difisil pou Ògànize" Lakay ou

Reworld ak CET ekri yon tiliv ki rele [Difficult-to-Manage Items \(Bagay ki Difisil pou Ògànize\)](#) ; li kouvri idantifikasyon ak ògànizasyon pifò trafik dechè nan yon kay, epi li gen lyen pou jwenn konsèy nan Massachusetts Department of Environmental Protection (MassDEP, ki se Depatman Pwoteksyon Anviwonnan Massachusett).

## Mèki Òdinè

- W ap jwenn mèki òdinè nan garaj, ak nan depo ; se yon materyèl ki gen danje paske li toksik anpil.
- Si mèki a koule, li kapab tounen vapè, epi antre nan sistèm respiratwa moun.
- Ou dwe konsève mèki nan yon bokal an vè oswa an plastik, paske li fè kwozyon si li nan yon resipyan an metal. Veye byen pou bokal la gen yon bouchon, epi pa kite li nan yon kote li kapab tonbe ak kase. Li enpòtan tou pou ou mete li nan yon dezyèm resipyan, tankou yon bwat an plastik oswa yon sache plastik ki zipe.
- Si ou genyen mèki òdinè sou fòm likid, pa transpòte li ni jete li nan fatra !

Rele "Complete Recycling Solutions" nan nimewo 1.866.277.9797 ×705 pou yo  
vin pran li gratis\*

\*Pou mèki òdinè sou fòm likid sèlman, ak dapre kote a.

## Ki Lòt Bagay Lakay mwen ki Ka Gen Mèki ?

- Anpoul ak tib fliyoresan, sa ki vle di tou anpoul CFL
- Tèmosta ak Tèmomèt
- Pil an fòm bouton ak enteriptè
- Brasa pou mezire tansyon moun
- Bawomèt an kolòn an vè, ak kèk lòt aparèy ki ansyen



## Kouman mwen Ka Konnen si yon Bagay Genyen Mèki ?

Tout anpoul fliyoresan gen tras mèki ladan yo. Pou lòt aparèy, gade likid ki ladan oswa ki nan tib transparan an - si koulè a se ajan, lè sa a gen anpil chans li se mèki. Gen pwodwi ki gen "Hg" oswa "Contains mercury" (Gen mèki ladan) ki ekri sou yo.

## Kisa mwen Dwe Fè Si mwen Jwenn Youn nan Bagay sa yo ?

Si ou jwenn yon aparèy ki gen mèki lakay ou, pa enkyete w ! Li pa yon danje, depi li pa domaje, kidonk fè tout sa ou kapab pou sa pa rive. Si li kase, mete li nan yon dezyèm resipyan, tankou yon tib an plastik ki gen yon bouchon oswa yon sache plastik ki zipe. [Chèche konnen kote ki genyen pou jete bagay ki gen mèki ladan](#), oswa rele Nimewo Espesyal MassDEP la, ki se 866-9-Mercury oubyen 866-963-7287. Si mèki a koule, swiv [pwo sedi netwayaj kòrèk](#) yo, jan MassDEP esplike yo.

## Lòt Resous pou Netwaye Lakay ou

[Recycle Smart MA : Can I Recycle This \(Resikle avèk Entelijans MA : Èske Mwen Mèt Resikle sa a\)](#) ? Se yon gid pou bagay òdinè ki mèt resikle, ak yon zouti rechèch pou ògànize bagay ki lakay ou.

[MassDEP Textile Recovery \(Rekiperasyon Tekstil MassDEP\)](#) ak [Beyond the Bin Directory \(Ànyè pou Ale Pi Lwen pase Panyen Fatra\)](#) Se yon ànye sou kote pou pote rad, ak aparèy elektwonnik, ak penti.

[Donation Guidance for Building Materials \(Gid pou Fè Kado Materyo Konstriksyon\)](#) pou bay oswa achte pou fè renovasyon.